

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina bab IV, aya sababaraha pasualan ngeunaan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa dina média *Youtube*. Ieu di handap aya sababaraha hasil kacindekan.

Kamampuh ngaregepkeun siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023 dina kamampuh *pretest* kagolong can tuntas atawa can nyumponan KKM nyaéta 80 kalawan hasil rata-rata 74,9. Hasil dina kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh ngagunakeun média *Youtube* dumasar unsur tokoh miboga rata-rata 2,6 tina kritéria maksimal 3, hartina kagolong “hadé” yén siswa geus bisa nyebutkeun ngaran-ngaran tokoh dina dongéng nu diregepkeun, sanajan masih aya sababaraha siswa nu can nyebutkeun sacara gemblerng tokoh-tokoh nu aya dina dongéng. Unsur watek tokoh miboga rata-rata 1,8 tina kritéria maksimal 3 hartina kagolong “kurang”, siswa can bisa nyebutkeun sacara gemblerng kumaha waé watek tina tokoh séwang-séwang. Unsur galur miboga rata-rata 1,6 tina kritéria maksimal 3, hartina kagolong “kurang”, rata-rata siswa can tuntas nyebutkeun galur jeung ngajéntrékeun alesanana. Unsur latar tempat miboga rata-rata 2,2 tina kritéria maksimal 3, hartina kagolong “kurang”, siswa can bisa nyebutkeun di mana waé latar tempat dina penggalan dongéng nu diregepkeunna. Unsur latar waktu miboga rata-rata 3 tina kritéria maksimal 3, kalayan kagolong “hadé”, siswa bisa nyebutkeun latar waktu dina dongéng. Unsur téma miboga rata-rata 1,7 tina kritéria maksimal 3, hartina kagolong “kurang”, siswa can bisa nangtukeun téma. Unsur amanat miboga rata-rata 2,9 tina kritéria maksimal 3, hartina kagolong “hadé” siswa geus apal maksud pesen nu ditepikeun ngaliwatan dongéng. Nyaritakeun deui eusi dongéng miboga rata-rata 2,7 tina kritéria maksimal 4 hartina kagolong “kurang”, siswa nyaritakeun deui penggalan eusi dongéng tapi teu gemblerng.

Kamampuh ngaregepkeun siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023 dina kamampuh *posttest* kagolong tuntas kalawan rata-rata 88,4 nu kagolong > 80 atawa di luhur KKM, hasil dina kamampuh ngaregepkeun

dongéng siswa saenggeus ngagunakeun média *Youtube* kawilang aya karonjatan. Dumasar unsur tokoh miboga rata-rata 3 tina kritéria maksimal 3, anu kagolong “hadé”, siswa bisa nyebutkeun saha waé tokoh-tokoh nu aya dina penggalan dongéng nu diregepkeun. Nilik tina unsur watek tokoh miboga rata-rata 2,3 tina kritéria maksimal 3, hartina kagolong “hadé” siswa bisa nyebutkeun watek tokoh séwang-séwang, siswa miboga tarékah pikeun dina ngaronjatkeun kamampuhna. Unsur galur miboga rata-rata 2,4 tina kritéria maksimal 3 anu kagolong “hadé”, nilik tina unsur galur siswa miboga karonjatan. Unsur latar tempat, siswa miboga rata-rata 2,4 tina kritéria maksimal 3 nu hartina “hadé”, siswa bisa nyebutkeun di mana waé latar tempat tina penggalan dongéng. Dumasar unsur latar waktu, katitén rata-rata 3 tina kritéria maksimal 3, siswa kagolong “hadé”, siswa aya usaha nu hadé pikeun nyebutkeunna. Unsur téma miboga rata-rata 2,2 tina kritéria maksimal 3 hartina aya karonjatan tina peunteun *pretest* sanajan kagolong can nyumponan KKM, tapi siswa miboga tarékah nu hadé pikeun ngaronjatkeunana. Unsur amanat siswa miboga rata-rata 3 tina skor maksimal 3, hartina kagolong “hadé” siswa geus bisa nyebutkeun pesen nu ditepikeun tina dongéng nu diregepkeunana, kalawan miboga rata-rata ahir nu ngaronjat. Nyaritakeun deui eusi dongéng miboga rata-rata 3,4 tina skor maksimal 4 hartina kagolong “hadé”, siswa miboga tarékah nalika ngaronjatkeun kamampuhna sangkan rata-rata dina unsur ieu ngaronjat.

Dina hasil panalungtikan, uji sipat data ngagunakeun uji *Saphiro-Wilk*, anu miboga hasil data *pretest* $0,061 > 0,05$ hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, data *pretest* miboga distribusi normal. Dina hasil data *posttest* miboga hasil data $0,98 > 0,05$ hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, data *posttest* miboga distribusi normal. Hasil dina uji sipat data miboga pangaruh nu signifikan. Rata-rata peunteun *pretest* nya éta 74,9, sedengkeun peunteun rata-rata *posttest* nya éta 88,4. Nilik kana hasil uji paramétrik T-Test yén hasi peunteun *pretest* jeung *posttest* nuduhkeun sig (2-tailed) $0,000 < 0,05$ ku kituna H_1 ditarima jeng H_0 ditolak. Hartina aya béda nu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*. Ku kituna bisa dicindekkeun yén média *Youtube* miboga pangaruh nu signifikan dina kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-

Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Ku kituna média *Youtube* éféktif dina pangajaran ngaregepkeun dongéng di SMP kelas VII.

5.2 Implikasi

Nilik tina hasil panalungtikan, kagiatan panalungtikan ieu bisa nyieun guru numuwuhkeun inovasi ngagunakeun média, ieu média bisa dijadikeun pangajaran nu teu monoton pikeun lumangsungna pangajaran. Kitu ogé, siswa bisa maham kana eusi sarta unsur-unsur nu aya dina dongéng.

Rata-rata siswa di SMPI Al-Azhar 36 Bandung jarang ngagunakeun basa Sunda, anu loba pasualan nalika panalungtikan. Saenggeus dilarapkeun média *Youtube* dina pangajaran basa Sunda, siswa jadi leuwih sumanget nalika pangajaran basa Sunda, sanajan loba siswa nu masih can ngarti kana basana. Ku ayana panalungtikan *pretest* jeung *posttest* bisa ngukur kamampuh dina wangun unsur-unsur dongéng, sarta kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube* bisa dijadikeun bahan évaluasi.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan yén média *Youtube* éféktif dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, ku kituna panalungtik miboga sababaraha rékomendasi pikeun nu maca, rékomendasina saperti ieu di handap.

- 1) Média *Youtube* bisa dijadikeun média alternatif pikeun guru dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.
- 2) Dina panalungtikan ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média *Youtube* aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun, nya éta: a) kudu maham léngkah-léngkah dina pangajaran ngagunakeun média *Youtube*; b) ngararancang kalayan bener; c) kudu bisa ngondisikeun kaayaan kelas; d) jeung kudu bisa ngondisikeun kaayaan waktu.
- 3) Dipiharep pikeun panalungtikan satuluyna, ayana métode anu béda nya éta métode kuasi ékspérimén murni sangkan ambahanna lega.